Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет
## Гумбет районалъул газета

№ 30 (6866) 31 июль 2023 с. Итни МухIарам 1445 с. Багъа - эркенаб



БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Конституция – пачалихъалъул аслияб закон

Дагъистаналъул Конституциялъул къо кIодо гьабуна

**Бакълъулазул районалъул дандеруссиназул кIалгIадухъ Дагъистан Республикаялъул Конституциялъул къоялъул хIурматалда рохалилаб тадбир гIуцIана араб анкьалъ. Тадбир рагьана муниципалитеталъул бетIер Гъалип Гъалиповас. Гьенир гIахьаллъана районалъул хIаракатчагIи, СВОялъул рагъухъаби ва цогидал.**




Гъалип Гъалиповас районцоязда баркана байрам ва гьарана кинабго рахъалъ цебетIей. Гьединго гьес баян гьабуна Дагъистаналда, бакълъулазул мухъалда кIвар бугел проектал нухдаинарулел рукIиналъул. ЦIияб цIалул соналдехун ЦIияб Аргъвани росулъ рагьизе буго 250 цIалдохъанасе бакI бугеб, 270 млн гъурущ харжги гьабураб школа.

Районалъул анцIила цо цIалул идараялда капиталияб ремонт гьабулеб буго. ЧIиркъатIа росулъ базе буго Бакълъул гIаламат тIадги бугеб си. «БакIалъулаб байбихьи», «Дир Дагъистан – дир нухал» абурал программабазда рекъон гьекъолеб, лъалъадулеб лъим чIезабиялъул, нухал качIаялъул ва цогидал суалал тIуралел руго.

Бакълъулазда гьединго Дагъистаналъул Конституциялъул къо баркана муниципалитеталъул маданияталъул ва библиотекаялъул хъулухъ гьабиялъул идараялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас, районалъул харабазул гIуцIиялъул нухмалъулев Сайгиднур Газгереевас. Районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас ва гьесул заместитель ГIалихан ДавудхIажиевас 14 сон барал бакълъулазе паспорталги кьуна тадбиралда.

Дагъистаналъул Конституциялъул хIурматалда муниципалитеталъул нухмалъулев дандчIвана СВОялъул гIахьалчи, лъелаб аскаразул отделениялъул командир ХIабиб УхIумаевгун. Гъалиповас иргадулаб нухалъ баян гьабуна спецоперациялъул рагъухъабазул ва гьезул хъизамазул суалал тIуразе бажарараб гьабизе букIин.

МелъелтIаса рагъухъан ХIабиб УхIумаевас баркала загьир гьабуна районалъул тIалъиялъе лъикIаб бербалагьиялъухъ. Фронталда бихьизабураб тIокIлъиялъухъ УхIумаевасе цудунго гьитIинав сержантасул цIар кьуна ва лъелаб аскаразул отделениялъул командирлъун тана.

Данделъиялда гьединго гIахьаллъи гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулесул заместителал ГIалихан ДавудхIажиевас МухтарахIмад АхIмадовас, «Гумбет» медиагруппалъул бетIерав редактор ХIамзат ГIизудиновас, маданияталъул ва библиотекаялъулаб хъулухъ гьабиялъул управлениялъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас, администрациялъул хIалтIухъан ХIайбула ГIабдурахIмановас ва цогидаз.

Дагъистаналъул Конституциялъул къо ракьцоязда гьединго баркана Игьалиса СВОялъул рагъухъан ХIажи ХIажиевас, Данухъа ВатIан цIунулев Ислам Мусаевас, ТIаса Гьарадирихъа бахIарчи АбутIалиб ХIасановас, ЦIиликьа Бувайсар ГIалимирзаевас ва цогидаз.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

НАЛОГАЛ

## Гъалип Гъалипов: «ГIужда налогал кьей – нухал къачIаялъе, школал раялъе, ясли-ахал къачIаялъе квербакъи»

**Бакълъулазул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповасул нухмалъиялда араб анкьалъ тIобитIараб данделъиялда рорхана налогал ракIариялъул хIасилал лъикIлъизариялъул, генералиял планал рахъиялъул, «Дир Дагъистан – дир нухал» программа гIумруялде бахъинабиялъул ва цогидал суалал.**

Гъалиповас баян гьабуна жиндир заманалда, букIине кколеб къадаралда налогал кьей район цебетIеялъе квербакъи букIин. «ГIужда налогал кьей – нухал къачIаялъе, школал раялъе, ясли-ахал къачIаялъе квербакъи», - ян абуна Гъалип Гъалиповас.



Дандеруссиналъул гIахьалчагIазда лъазабуна налогал ракIариялъул иш ва цогидал масъалаби лъикI тIуразе хIаракат бахъеян.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Загирбег Селимов ва Заира Пахрудинова – Дагъистаналъул мустахIикъал мугIалимзаби

- 2 гьум.



Гинессил тIехьалда цIар бугев Сергей Миронов бакълъулазул тIалъигун дандчIвана

- 2 гьум.




Килалъа ГIабдулмутIалип Гъайирбегов – жубараб къеркьеялъул SFS-8 турниралъул чемпион

- 2 гьум.



Аллагьасул кириги гIадамазул баркалаги

- 3 гьум.

Масала, гIакъилас гIадан теларо,
Тушман вугониги, гIадада хвезе.

Инхоса ГIали-хIажи

№ 30 31 июль 2023 с.

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## Загирбег Селимов ва Заира Пахрудинова – Дагъистаналъул мустахIикъал мугIалимзаби

### Нахъеккунги мустахIикълъаги къиматал цIаразе

**Бакълъул районалъул бетIер Гъалип Гъалиповас Мелитополь шагьаралде**



**мугIалимлъи гьабизе арав Аргъвани росдал школалъул директор Загирбег Селимовасда баркана «Дагъистаналъул мустахIикъав мугIалим» абураб цIар къей.**

Гьединго муниципалиталъул нухмалъулес баркана Заира Пахрудиновалда «Дагъистаналъул мустахIикъай мугIалим» цIар щвей. Пахрудиновалъ гIурус мацIалъул ва адабияталъул дарсал кьола Мелитополалда.

Каранда балеб гIаламат Бакълъул районалдаса СВОялъул мухъалде арал мугIалимзабазе Дагъистаналъул Конституциялъул къоялъ ДРялъул ХIукуматалъул нухмалъулев ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас къуна.

Гьарула шапакъатал щварал



бакълъулазул мугIалимзабазе щулияб сахлъигун халатаб гIумру, нахъеккунги мустахIикълъаги къиматал цIаразе.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## СВОялъул рагъухъанасул якьадалъе хIалтIи кьуна

### ВатIан цIунулезул тIалабазда

**Украиналда тIобитIараб хасаб операциялъул гIахьалчи, МельелтIа росулъа Шарудин МухIамадовасул якьад Баху МухIамадовалъе районалъул поликлиникаялда цаби-гIусал къачIалеб кабинеталде медсестралъун йосана.**

Шарудин МухIамадов жиндирго бокьун ана спецоперациялде, Россиялъул Президент Владимир Путиница цере лъурал рагъулал масъалаби лъикI тIуразе хIаракат бахъулеб буго гьес.

Бакълъулазул бетIер Гъалип Гъалиповас кIвар буссинабун буго СВОялъул рагъухъабазул



ва гьезул хъизаназул суалал тIураялде. Районалда гьединго хIалтIулеб буго «Нилъ цадахъ руго» абураб волонтеразул муниципалияб штабги.

**Макка МухIамадова**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Гинессил тIехьалда цIар бугев Сергей Миронов бакълъулазул тIалъигун дандчIвана

### «Бакъ» ясли-ахалдеги щвана

**Халкъазда гьоркьосеб классалъул Россиялъул спорталъул мастер, Европаялъул чемпион, баскетболалъул рахъалъ дунялалъул чемпионаталъул призер Алексей Миронов щвана Бакълъул районалде. Цо хIаялда росарал очкабазул къадаралъул рекорд чIезабурав гьесул цIар Гинессил тIахьдаги буго.**

Алексей Мироновгун дандчIвана муниципалиталъул бетIер Гъалип Гъалипов ва районалъул спорталъул, туризмалъул ва гIолилазул сиясаталъул комитеталъул вакилзаби. Миронов гьединго щвана МельелтIа росдал «Бакъ» ясли ахалде, гарачIвари гьабуна лъималазулгун, тарбиячагIазулгун.

Гьес лъималазе бицана спорталъулгун гьудуллъи кквей, экстремизмалдаса рикIкIад чIей, ВатIан бокьи кIвар цIикIкIараб иш букIин. Машгъурав гьоболасул хаба-



ралъ лъикIаб асар гьабуна ясли-ахалъул хIалтIухъабазе ва гьитIичазе.

Районалъул администрациялъул вакилзабаз баркала загьир гьабуна Алексей Мироновасе Бакъул улкаялде вачIаралъухъ ва лъималазе гьабураб берцинаб каламалъухъ, гьарана гьесие сундулъго икъбал.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ХIАРАКАТАЛЪУЛЪ – БАРАКАТ

## ДРялъул дзюдоялъул Федерациялъул шапакъаталъе мустахIикълъана Гъалип Гъалипов

**Дагъистан Республикаялъул дзюдоялъул Федерациялъул Баркалаялъул кагътие мустахIикълъана «Бакълъул район» муниципалияб районалъул бетIер Гъалип Гъалипов. Шапакъат гьесие кьуна ДРялъул бихьиназул ва руччабазул командаялъул кIудияв тренер Шамил ГIалиевас.**

Бакълъулазул нухмалъулес жиграб гIахьаллъи гьабула республикаялъулал, бакIалъулал спортивиял тадбирал тIоритIиялъулъ, къиматаб бутIа лъола спорт районал-



да цебетIезабиялъулъ.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ БЕРГЬЕНЛЪАБИ

## Килалъа ГIабдулмутIалип Гъайирбегов – жубараб къеркьеялъул SFS-8 турниралъул чемпион

### Ливаналдаса Юссеф Герири къезавуна

**Дунялалъулва Россиялъул жубараб рагъиялъул чемпион, Украиналда тIобитIараб хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, Бакълъул районалъул Килалъ росулъа ГIабдулмутIалип Гъайирбеговас Омск шагьаралда**



**тIобитIараб SFS-8 турниралда цудунго бергьенлъи босана Ливаналдаса Юссеф Геририда тIад.**

Жиндирго бергьенлъи ГIабдулмутIалипица сайгъат гьабуна СВОялдаса тIадруссинчIел «Ястреб-Каспий» СОБРалъул хIалтIухъабазе ва гьезул хъизаназе.

Бакълъул мухъалдаса спортсменас гьединго бергьенлъи босун букIана 2022-абилеб соналъги. ХIадурлъи гьабизе заман дагьаб гурони букIинчIониги, Гъайирбеговас бихьизабуна берцинаб цевехъин ва Армениялдаса Арсен Нерсесянон къезавуна.

Баркула ГIабдулмутIалип Гъайирбеговасда бергьенлъи щвей, баркала загьир гьабула гьесие ВатIаналъе мутIигIлъиялъухъ, гьеб цIуниялъул мисал бихьизабуралъухъ.

**«Гумбет» информациялъул гIуцIи**

ЧIАХЪАГИ МАГIАРУЛАЛ

## Гъуниб – магIарул мацIалъул церехъабазул данделъи

### Бакълъулал мустахIикълъана 3-абилеб бакIалъе

**Бакълъул районалъул вакилзабаз гIахьаллъи гьабуна Республикаялъулаб V магIарул мацIалъул мугIалимзабазул данделъиялда. Исана тадбир хурхинабун букIана Расул ХIамзатов гьавуралдаса нусго сон иналда. Районалъул нухмалъулев Гъалип Гъалиповасул тIадкъаялда рекъон лъайкьеялъул, маданиялъул, СМИялъул хIалтIухъабаз къиматаб бутIа лъуна данделъи гIуцIиялъулъ.**



Миллияб квен гьабун, художествиял церерахъинал рихьизарун тадбир берцин гьабизе хIаракат бахъана данделъиялъул гIахьалчагIаз. Тадбир тIобитIана Гъуниб районалъул спортивиябгун сахлъи борхизабиялъул «Каскад» централда. Гьенир ракIарана Дагъистаналъул районаздаса, шагьараздаса азаргоялдасаги цIикIкIун чи.

Дандеруссиналда бакълъулазул вакилзаби мустахIикълъана призовияб лъабабилеб бакIалъе. Муниципалиталъул бетIер Гъалип Гъалиповас баркана къиматаб бакI щвей, гьарана сундулъго цебетIей.

**Макка МухIамадова**

# Аллагьасул кириги гIадамазул баркалаги



**Росу бакьулъ борхатаб бакIалда бугеб авалалда руго рукъзал ва кIигониги госучреждение. НекIо заманалда хабзал рукIарал бакIалинги абула гьелде. Нухги гьеб авалалде цIакъ эхеде балагьараб буго. ГIазу биун, цIад бараб заманалда, гьенисан рачIуна лъарал гIеблъи бугел иххал. Щибаб нухалда чIварабщинаб чабахги иххица ун, эхеде машина бахунеб хIалалда гьел нухал хутIулароан.**

Щибаб соналъ хьвадана авалалъул гIадамал администрациялде, цо гьел нухазе гьабизе кумекго гьечIищан. Гьеб щвечIо. Кидаго гьенive хьвадулев цевехъан Саласкаров ГIумарги вукIана. Дие бокьун буго бицине нижерго рохиялъул ва Гьалип ГIисахIажиевичасул хIаракаталъул.

Щвана ниж администрациялде. Кидаго гIадин, бетIерасухъе гIемерал гIадамалги ругоан. Цониги тIаса бихьизе рагIи бицун гьес ритIулаги гьечIоан. АхIана ниж жанире ва гIенеккана гьев нижехъ. ЩIехана кинабго ва ахIана тIаде архитекторги росдал бегавулги. Рахъана проектал лъим унел гонгал лъезе, нух къачIазе.

Нижер делегациялда ракIалдаго ккун букIинчIо гьадин кьураб рагIиги тIубалин, нухги гьабилин. Цебего гIадин хутIилин рукIана. Гьале гьадинал рукIуна ахIараб кьалдеги,_кьураб рагIуеги ратулел гIолохъаби. Лъуна гонгал, тIуна хъил, цо – кIиго анкьиде нухасан хьвадана машинаби.

Живго Гьалип ГIисахIажиевич вачIана тIубараб тIалъиялъул делегациягун нухалъул халгьабизе. Бахъула буго лъим бачине проект. Хасалил моцIаз баччизе кколаан нижеца лъим. Ниж божула Гьалип ГIисахIажиевичас гьебги тIубаялде.

Аллагьас кибго къваридалъуб кумекалъе батаги, ГIисахIажиевич, нижее гьабураб кумек. Нижер кеназулго, нухаб хIетIе лъолезулги лъоларезулги дуе кIудияб баркала. Баркала МухIамад ГIабдунасировасе, ГIумар Саласкаровасе, ГIумар Сайгидовасе, дида ракIалде щвечIел гьеб нухалъе квербакъаразе.

**ПатIимат АхIмадибирова**

# Глава Гумбета Галип Галипов выразил соболезнования родным погибшего в ДТП

**Глава Гумбетовского района Галип Галипов выразил глубокие соболезнования родным и близким 56-летнего уроженца села Местерух Ахвахского района Кодочиева Хадиса Магомедовича, погибшего в ДТП около села Тантари.**



«Ассаламу гIалайкум, уважаемые родственники Кодочиева Хадиса Магомедовича, примите наши искренние соболезнования в связи с постигшим вас горем – кончиной близкого человека. Все мы – от Аллаха, и к Нему – наше возвращение. Мы разделяем с вами горечь этой невосполнимой утраты. Да станет Хадис Кодочиев обитателем рая», – говорится в соболезновании главы Гумбета Галипа Галипова. Врачи скорой медицинской помощи и другие специалисты Гумбетовской ЦРБ вовремя оказали помощь пострадавшим в ДТП.

Пятеро участников происшествия, доставленные в больницу с различными травмами, получают квалифицированное лечение в ЦРБ Гумбета. Глава Гумбетовского района Галип Галипов держит на личном контроле вопрос оказания необходимой медицинской и психологической помощи пострадавшим в автоаварии. Администрация Гумбетовского района обращается к водителям быть предельно осторожными на дорогах, не подвергать свои жизни и жизни окружающих опасности.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Пилотный проект по улучшению качества жизни онкобольных и их родственников разрабатывается в Дагестане

**Под эгидой Агентства стратегических инициатив в Дагестане разрабатывается комплексная программа по улучшению качества жизни онкобольных и их родственников, сообщается на сайте Минздрава РД.**




На площадке «Точка кипения» ДГУ состоялось рассмотрение проекта программы с участием министра здравоохранения РД Татьяны Беляевой и руководителей республиканских клиник онкологического профиля. «Жизненной ситуацией, которая требует нашего решения и участия общества, неслучайно была выбрана онкология. Это очень значимо для дагестанцев, и этому уделяет особое внимание руководство республики.

На минувшем Оперштабе Глава Дагестана еще раз подчеркнул важность проведения диспансеризации для раннего выявления злокачественных опухолей вне зависимости от места жительства пациентов» - сказала советник Главы РД Зарема Махмудова.

**РИО «Гумбет»**

РИМ ГУМБЕТА

# Глава села Мехельта Магомед Абдунасиров встретился с бойцами СВО, приехавшими в отпуск

**Глава АСП «Сельсовет “Мехельтинский”» Гумбетовского района Магомед Абдунасиров провёл встречу с участниками СВО из данного села, прибывшими в отпуск.**



В здании администрации села Абдунасиров тепло принял командира отделения морской пехоты младшего сержанта Хабиба Ухумаева, командира отделения гвардейской мотострелковой бригады сержанта Расула Магомедова. Глава села спросил защитников Отечества о том, имеются ли у них какие-либо нерешенные вопросы социального, бытового плана, заверил в полной поддержке.

Участникам СВО также вручили благодарственные письма.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# В Махачкале пройдет гастрономический фестиваль

**В Махачкале с 17 по 21 августа запланировано провести второй гастрономический фестиваль «Вершина Вкуса», сообщает РИА «Дагестан».**

Отмечается, что участие в данном мероприятии – прекрасная возможность для предпринимателей продемонстрировать свои продукты и привлечь внимание к своему бизнесу.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Дагестанские педагоги одержали победу в конкурсе «Гонка за лидером»

**С 13 по 21 июля на базе центра «Артек» представители лицея № 5 Махачкалы прошли курсы повышения квалификации «Эффективное управление воспитательной деятельностью в образовательной организации», сообщает сетевое издание «Мирмол».**



В состав команды из Дагестана вошли директор Патимат Османова, заместитель по воспитательной работе Аида Мирзоева и советник директора по воспитательной работе Ислам Алиев. По информации источника, команда лицея составила план воспитательной работы с дальнейшей его защитой.

**РИО «Гумбет»**

# Делегация из Белоруссии начала знакомство с предприятиями Дагестана

**В первый день визита в Дагестан представители дистрибьюторских компаний Белоруссии посетили завод красок ПП «Лакокраска», завод плитки «Керамогранит Дагестан».**

Сопровождал их в рабочей поездке руководитель Центра поддержки экспорта Дагестана Руслан Абаскулиев, сообщается на сайте Центра поддержки экспорта.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Какие выплаты и льготы положены военнослужащим и участникам СВО по линии Социального фонда России?

**И. о. управляющего Социальным фондом Дагестана Магомед Исаев рассказал в интервью корреспонденту информагентства, какие меры поддержки предоставляются семьям военных, участвовавшим в специальной военной операции на Украине.**




– Магомед Исаевич, скажите, пожалуйста, какие государственные льготы положены мобилизованным, добровольцам и контрактникам по линии вашего ведомства.

– Ну, прежде всего, период участия в СВО засчитывается в стаж в двойном размере. За один полный календарный год участия в зоне СВО в период прохождения военной службы или в период пребывания в добровольческом формировании учитывается 3,6 пенсионного коэффициента.

Для сравнения: для других граждан это 1,8 коэффициента к будущей пенсии.

Кроме того, периоды участия в специальной военной операции учитываются в двойном размере при назначении пенсии за длительный стаж. То есть уйти на пенсию можно раньше пенсионного возраста на 2 года.

**– Это в дальнейшем. А что сегодня получает эта категория граждан?**

– Помимо всех льгот, бойцы получают ежемесячную денежную выплату в размере 3 896 рублей как ветераны боевых действий. Для получения данной меры поддержки заявители могут обратиться с документами, дающими право на выплату, в клиентские службы Отделения СФР по Республике Дагестан.

В состав ежемесячной денежной выплаты входит и набор социальных услуг. Заявителям предоставляется выбор – получать набор социальных услуг в натуральном выражении или денежном эквиваленте. В него входят: компенсация на лекарства, бесплатный проезд к месту лечения и обратно, предоставление путевки на лечение.

**– А если боец получил ранение, какая помощь по линии Социального фонда может быть ему оказана?**

– Конечно же, такое, к сожалению, случается. В случае увечья или травмы добровольцам СВО устанавливается государственная пенсия по инвалидности. Семьям добровольцев предоставлено право на пенсию по случаю потери кормильца нетрудоспособным членам их семей в случае гибели в период и по окончании пребывания граждан в добровольческих формированиях.

**– Кстати, о семьях военнослужащих. Что для них предусмотрено по вашей линии?**

– Социальный фонд Дагестана предоставляет меры поддержки семьям граждан, призванных на военную службу по мобилизации. Для них упрощено назначение детских пособий, которые оформляются без учета доходов мобилизованного гражданина. Кроме того, все их вопросы у нас на особом контроле.

**– Социальный фонд Дагестана и региональное отделение фонда «Защитники Отечества» подписали соглашение о сотрудничестве. Что предусмотрено в рамках этого соглашения?**

– Да, на самом деле для нас это первостепенная задача. В рамках соглашения ведомства будут обмениваться информацией, и проводить совместную разъяснительную работу о предоставляемых государственных выплатах и льготах.

Самый важный аспект – работа по взаимодействию с участниками СВО, которым положены социальные выплаты и компенсации. Как я уже говорил, родственники погибших военнослужащих могут получать льготы и пособия, а также дополнительное пенсионное обеспечение.

А фонд «Защитники Отечества» в свою очередь активно помогает ветеранам СВО с оформлением документов, а также с получением психологической помощи или медицинской реабилитации.

Социальный фонд на особом контроле держит работу с участниками, ветеранами СВО и их семьями, в том числе в направлении обеспечения техническими средствами реабилитации. Большинство задач сегодня уже решается благодаря тесному взаимодействию с фондом «Защитники Отечества» и другими организациями.

**РИА «Дагестан»**

СТРАНА ГОР

# СФР по РД напомнил, что нельзя сообщать персональные данные никаким людям, представившимся сотрудниками Фонда

**Специалисты СФР по РД напомнили, что они никогда не запрашивают СНИЛС, данные паспорта, номер банковской карты, ее ПИН-код или пароль от «личного кабинета». Если вам позвонили и представились сотрудником Социального фонда и просят озвучить персональные данные, то это мошенники.**




В пресс-службе Фонда сообщили, что чаще всего мошенники предлагают прибавку к пенсии, юридическую помощь с оформлением услуг или перерасчетом выплат. Также они могут сообщить о сверке данных для начисления каких-либо пособий. Социальный фонд предостерегает граждан не доверять сомнительным звонкам и при подозрении на злой умысел позвонившего сразу прекратить общение.

Специалисты Социального фонда не ходят по домам с предложением услуг по пенсионным вопросам. В том случае, если в ваш дом постучались незваные гости и представились работниками Социального фонда, следует быть осторожными.

Соцфонд рекомендует не переходить по подозрительным ссылкам в письмах или сообщениях и не делиться ни с кем своими персональными данными. Законодательно в России предусмотрена индексация пенсионных выплат. Однако все официальные сведения об изменениях публикуются на официальных каналах СФР в социальных сетях и на официальном сайте ведомства.

Фонд оказывает перечень услуг в своих клиентских службах и онлайн через портал «Госуслуги» бесплатно. Выплаты предоставляются после подачи заявления или автоматически – на основании имеющихся у Фонда данных.

**РИО «Гумбет»**

СТРАНА ГОР

# Президентский фонд культурных инициатив начинает приём заявок на основной грантовый конкурс

**С 25 июля по 1 сентября пройдет заявочная кампания основного грантового конкурса Президентского фонда культурных инициатив. На отбор могут быть представлены проекты в области культуры, искусства и креативных (творческих) индустрий в целях поддержки, популяризации и сохранения общероссийской культурной идентичности, укрепления традиционных российских духовно-нравственных ценностей.**



Проекты принимаются по девяти тематическим направлениям: «Нация созидателей», «Культурный код», «Молодые лидеры», «Место силы», «Великое русское слово», «Я горжусь», «История страны: история преодоления и побед. Вехи», «Многонациональный народ» и «Мы вместе».

Участниками конкурса могут стать некоммерческие организации, в том числе муниципальные (за исключением государственных учреждений, государственных корпораций, государственных компаний, политических партий); коммерческие организации, индивидуальные предприниматели.

Заявки на участие принимаются на сайте Президентского фонда культурных инициатив https://фондкультурныхинициатив.рф/

**РИО «Гумбет»**

# Президентский фонд культурных инициатив начинает приём заявок на основной грантовый конкурс

**С 25 июля по 1 сентября пройдет заявочная кампания основного грантового конкурса Президентского фонда культурных инициатив, сообщается на сайте Минкультуры Дагестана.**

Как отмечает ведомство, проекты принимаются по девяти тематическим направлениям: «Нация созидателей», «Культурный код», «Молодые лидеры», «История страны: история преодоления и побед. Вехи», «Многонациональный народ» и «Мы вместе» и др.




**РИО «Гумбет»**

БетIерав редактор: ХIамзат МухIамадович Гiизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияв секретарь: Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал: Хадижат Мазгарова, Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьорк
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1003
Газета къватIибе биччазе гьулбасана, графикалда рекьон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.